Bataaxal bi Yàlla may Yudd mu bind ko

1 Ci man Yudd miy jaamub Yeesu Almasi, di
rakku Yanqóoba, ci man la bataaxal bii bawoo,
ñeel leen yeen ñi ñu woo, yeen ñi Yàlla Baay bi
sopp, te sàmmal leen Yeesu Almasi.
2 Yërmande ak jàmm ak cofeel baawaan na,
ñeel leen.

Weddi Yàlla amul ag muj

3 Soppe yi, yàkkamti woon naa leena bind ci
mbirum mucc gi nu bokk, waaye fàww ma bind
leen, ngir ñaax leen ci xeexal yoonu ngëm, wi
Yàlla xasa dénk ñu sell ñi, benn yoon ba fàww.
4 Ndaxte ñenn a ngi ñu ñu yàgga bind seenub
àtte, te ñoo yoxoosu ci seen biir, di ñu ñeme
Yàlla; ñooy taafantoo yiwu Yàlla ngir yoonal
ag yàqute, di weddi Buur biy kenn, te di sunu
Boroom Yeesu Almasi.
5 Doonte xam ngeen loolu lépp ba noppi, dama
leen di fàttli rekk ne Boroom bi moo jëkka musal
ñoñam, génne leen réewum Misra, te gannaaw
gi moo raafal ña gëmul woon ca ñoom.
6 Te it malaaka ya yemul woon ca daraja ja
ñu amoon, xanaa wacc seen dëkkuwaayu bopp,
Yàlla moo leen denc ci lëndëm gu ne këruus,
yeewe leen buum yu dul deñ, ngir àtteb bés bu
mag ba.

7 Naka noonu itam Sodom ak Gomor, ak dëkk
ya leen wër, ñoo yebu woon ci powum séy, ak
jaxasoo gu woroo ak bindub judduwaale, ba ñu
def leen misaal, ñeel ña nara tegoo mbugalum
sawara wu sax dàkk.
8 Géntkat yii itam noonu rekk lañuy sobeele
seen yaramu bopp, boole ci di sofental kilifteef,
ak di saaga boroom daraja ya fa asamaan.
9 Moonte Mikayel, may kilifag malaaka sax,
ba muy xëccoo ak Seytaane néewub Musaa, di
wàqante ak Seytaane, taxul mu ñeme woon koo
sikk ba boole ciy saaga. Da ko ne rekk: «Yal na
la Boroom bi mbugal!»
10 Waaye nit ñii de, lu ñu xamul lañuy saaga, te
xam-xam yi leen seen bindu judduwaale xamal,
ni ay rabi àll di xame, ci lañuy far yàqoo.
11 Ngalla ñii! Ñoo jaare yoonu Kayin; ñoo
lajj, topp Balaam cig réeram ngir ag peyoor; ñoo
diiŋat ba sànku ni Kore*.
12 Ñooñooy gàkkal seen jataayu lekk yi gëmkat
ñiy bokk, di ñóox te amuñu ci jenn jom; ñooy
xiin yu naaxsaay yu ngelaw li yóbbu; ñooy garab
yu dee ñaari yoon, du meññ waxtoom, reen ya
buddiku.
13 Ñooy gannaxi géej gu sàmbaraax, di gëq
seen puuriti gàcce; ñooy biddiiw yu fàq di
taxawaalu, te lëndëm gu ne këruus di cér bu ñu
leen sédde ba fàww.
14 Enog†, juróom ñaareelu maam ma gannaaw
Aadama, ñooñu la jottli woon waxyu bu leen dal,

* **1:11** 1.11 Kayin: seetal ci *Njàlbéen ga* 4.8. Balaam: *Màndiŋ ma* 22.7-35; 31.16. Kore: *Màndiŋ ma* 16. † **1:14** 1.14 Enog: seetal ci *Njàlbéen ga* 5.21-24.

ne: «Boroom baa ngii dikk, ànd ak ay junniy junneem ñu sell,
15 ngir àtte ñépp, ba tiiñal mboolem yéefar yi, ndax mboolem nu yéefare ni ñu jëfe seen jëfi yéefar, ak mboolem kàddu yu ñaaw yi bàkkaarkati yéefar yi teg cib deram.»
16 Ñooñoo di ñaxtu ak a jàmbat, te topp seen bakkan; kàdduy damu yu réy ay jibe seen gémmiñ, te ñooy jay ñi ñu yaakaare njariñ.

Góor-góorluleen

17 Waaye yeen samay soppe, fàttlikuleen la ndawi sunu Boroom Yeesu Almasi waxoon lu jiitu.
18 Ñu ne leen: «Mujug jamono, dina am ay ñaawlekat yu topp seen bakkan, wéye seen kéefar.»
19 Ñooñu ñooy féewalekat yi, ñoo topp seen bindu judduwaale, te Noowug Yàlla nekkul ci ñoom.
20 Waaye yeen samay soppe, sampuleen ba dëgër ci seen yoonu ngëm wu sell wee sell, te ngeen di ñaane ci Noo gu Sell gi.
21 Fexeleen ba des ci biir cofeelu Yàlla, tey séentu sunu yërmandey Boroom Yeesu Almasi, ngir ag texe gu sax dàkk.
22 Ñiy nàttable, ñeewanteleen leen,
23 ñii ngeen wallu leen, foqatee leen ci sawara, ña ca des, ngeen yërëm leen yërmande ju ànd akug ragal, ba far seexlu ab turki bu seen yaram sobeel ndax seeni bàkkaar.

Cant ñeel na Yàlla

24 Ki leen mana aar ci bépp jéll, ba taxawal
leen fa muy teewejee darajaam, te fekk leen ñàkk
sikk, seen mbég mat sëkk,
25 Yàlla miy kenn, sunu Musalkat, ci sunu
ndimbalal Sang Yeesu Almasi, daraja ak
màggaay ak kàttan ak sañ-sañ ñeel na ko,
démb ak tey ak ëllëg, ba fàww! Amiin.

Kàddug Yàlla gi
Wolof Bible 2020 revision.
La bible en wolof; revision 2020

copyright © 2010, 2020 La Mission Baptiste du Sénégal

Language: Wolof

Dialect: Regional Wolof

Translation by: La MBS

For complete copyright statement, please see http://sng.al/copyright
This translation is made available to you under the terms of the Creative Commons Attribution-Noncommercial-No Derivatives license 4.0.
You may share and redistribute this Bible translation or extracts from it in any format, provided that:

You include the above copyright and source information.

You do not sell this work for a profit.

You do not change any of the words or punctuation of the Scriptures.

Pictures included with Scriptures and other documents on this site are licensed just for use with those Scriptures and documents. For other uses, please contact the respective copyright owners.

2020-07-22

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 25 Aug 2024 from source files dated 23 Jul 2020
eb088fb7-76e3-5c5f-ab35-a0da6cd8fd40